# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

## ईसांनी दु:ख के शुरुआत



लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Byron Unger; Lazarus;
Alastair Paterson

अनुकूलित: M. Maillot; Tammy S.

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण
करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

ईश्वर सब कुछ बनवलन !
जब ईश्वर पहिला आदमी,
आदम के बनवलन, उ अपना
पत्नि हेवा के साथे
इडन नामक बगिचा
मे रहत
रहलन ।




लोग ईश्वर के आज्ञा के
पालन करते हुए पूरी तरह
खुश रहलन आ ईश्वर के
मौजूदगी के आनंद
लेत रहलन कि एक
दिन ...



साँप हेवा से पूछलस, “का ईश्वर कहले बाडन कि तु सब पेंड के फल मत खईहऽ” हेवा उत्तर दिहली, “एगो पेंड के फल छोड के हमनी के सब पेंड के फल खा सकतानी जा ।



यदि हमनी के ओह पेंड के फल खांई जा चाहे छुई जा, मर जाइब जा ।”

साँप आपन खीस निकालते हुए कहलस, “तु लोग मरब जा ना ।”



ष्तु लोग भी ईश्वर के सामान हो जइब लो ।ष हेवा ओह पेड के पावल चाहत रहली । उ साँप के बात सुनली आ ओह पेड के फल खा लिहली ।

ईश्वर के आज्ञा के अवहेलना कइला के बाद, हेवा आदम के भी उ फल खियावली ।



आदम के इ बात कह ल चाहत रहे चाहत रहे, “ना, हम ईश्वर के आज्ञा के उलंघन ना करब ।”





जब आदम आ हेवा पाप कइलन जा तब
जानत रहलन जा की उ नंगे बाडन
जा ˙ अंजीर पेंडके पता के सीलाई ...



... कर के आपना के ढकी लेले लोग आ ईश्वर के उपस्थिति से अलोता एगो झाडी मे छिप गइलन जां ।

शाम के बेला में ईश्वर बगिचा में अइलन। उ जानत रहलन कि आदम और हेवा का कइलन बाडन जा। आदम हेवा के दोषी ठहरवलन, हेवा साँप के दोषी ठहरवली।



ईश्वर कहलन, साँप के हम श्राप दे देले बानी । जब औरत बच्चा के जन्म दिहन उनका ओह समय बहुत दर्द होई ।




“आदम, काहे कि तु पाप कइले
बाड, ओह वजह से पृथ्वी काँटा
आ उँटकाटारा पैदा करी । तुं
कठिन मेहनत करब आ आपन
रोजी रोटी कमाये खातीर
पसीना बहइब ।”



ईश्वर आदम आ हेवा के ओह सुन्दर बगिचा से बाहर कर दिहलन ।


काहे कि उनकन लोग पाप
कइले रहलन जा, उ लोग
जीवन देबे वाला
ईश्वर से अलग
कर दिहल
गइलन जा !


उनकन लोग के बाहर करे खातीर ईश्वर आग जइसन धधके वाला तलवार बनइलन ।


आदम आ हेवा के पहिने खातीर चमडा के कोट बनवलन । उ चमडा कहाँ से आइल ?

समय के दौरान, इ परिवार एगो बच्चा के जन्म दिहलस । उनकर पहिला बच्चा काईन, किसान रहलन आ दूसरा हाबिल, चरवाहा रहलन ।



एक दिन काईन उपहार के रुप में थोडा बहुत सब्जी ईश्वर के चढवलें ।



हाबिल अपना भेंड मे से सबसे अच्छा मेमना चुन के उपहार के रुप में ईश्वर के चढवलें । ईश्वर हाबिल के उपहार से बहुत खुश भईलें ।



ईश्वर काईन के उपहार से खुश ना भईलन । काईन बहुत नाराज भईलन । ।कि ईश्वर कहलन, “का तुहो स्वीकार ना कईल जईब, जवन सही बा तवन करब त?”



काइन के नाराजगी ओरात ना रहे । कुछ समय के बाद, खेत में हाबिल पर आक्रमण कइलन आ उनका के मार दिहलन !



ईश्वर काइन से बोललन, “तोहार भाई हाबिल कहाँ बाडन” काईन झूठ बोललन, “हम नइखी जानत । हम अपना भाई कवनो रखवाला हंई ।”



ईश्वर उनकर खेती करे
के क्षमता उनका से छीन
के आ उनका घुमन्तु बना
के उनका दण्ड दिहलन ।



काईन ईश्वर के नजर से ओझल होगईलें । आदम अउर हेवा के बेटी से काईन के विवाह भईल ।



उनकन लोग के माध्यम से परिवार बढल । कुछे समय में, काईन के द्वारा बनावल शहर उनकर नाती पोता बोग से भर गईल ।



एही बीच, आदम अउर हेवा के परिवार बडा तेजी से बढल ।



ओह समय के लोग, आज के लोग से अधिक समय तक जीवित रहत रहलन ।



जब ओहन लोग के बेटा सेथ के जनम भइल, हेवा कहलीन, “ईश्वर हाबिल के बदले सेथ के देले बाडन ।”



सेथ ईश्वर भक्त रहलन जे ९१२ वर्ष तक जीवित रहलन आ उनकर खुब ढेर सारा बाल-बच्चा भइलन ।



संसार में जइसे जईसे एक पीढी के दूसर पीढी आइल लोग बदमाश होत गइलन ।



अन्त में, ईश्वर मानव जाति
के नष्ट करे के सोचलन
आ ... सब चौपाया अउर
चिड़ियाँ ।



ईश्वर के अफसोस होत रहे कि उ काहें खातिर इंसान के बना दिहलन । बाकि एगो इंसान ईश्वर के खुश कर दिहलस ...




आदमी नूह रहलन। सेथ के उतराधिकारी नूह धर्मी आ दोषमुक्त रहलन। उ ईश्वर के साथ रहलन।


धमी नूह अपना तीनों बेटा
लो के सीखवलन कि उ
लोग भी ईश्वर के आज्ञा
के पालन करस
लोग ।


अब ईश्वर नूह के अद्भुत आ खास तरीका से प्रयोग करे के योजना बनवलन ।

# ईसांनी दु:ख के शुरुआत

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

उत्पति ३ - ६

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हुअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हुँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16